

COVID-19 ak Gwosès



Si ou ansent, ou kapab gen gwo risk pou w gen yon fòm grav maladi COVID-19 la. Men kèk konsèy pou w rete an sante epi pou w evite pran COVID-19 pandan gwosès ou a:



Pale ak founisè swen sante w la

sou kòman pou w rete an sante epi pran swen tèt ou pandan gwosès la. Si ou pa gen yon founisè swen sante, rele sant sante kominotè lokal ou a oswa sèvis sante a.



Rele 911 si ou gen:

- Difikilte pou w respire (plis pase sa ki te nòmal pou ou pandan gwosès la)
- Doulè oswa presyon nan pwatrin ou
- Konfizyon bripsoukou
- Ou pa an mezi pou w reponn a lòt moun
- Bouch oswa vizaj ble



Evite rete bò kot anpil moun otan sa posib.

Lè w ap pase tan ak lòt moun, rete a distans 6 pye epi mete yon mas.



Ale nan tout randevou prenatal ou yo.



Asire w ou gen pou pi piti medikaman pou 30 jou.

